

## **BAB 1**

### **BUBUKA**

Dina bubuka dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Manusa dina kahirupan sapopoé teu bisa leupas tina ngagunakeun basa, boh éta sacara langsung (*verbal*) boh sacara teu langsung (*non verbal*). Éta hal téh luyu jeung pamadegan Suhardi (2013, kc. 21) nu nétélakeun yén basa téh mijalma, mangrupa pakakas komunikasi nu digunakeun ku manusa. Salian ti éta, nurutkeun Sudaryat (2014, kc. 14) basa téh nya éta sistim lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucapan manusa kalawan puguh éntép sereuhna tur ragem antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atau komu nikasi. Ku kituna, basa téh mangrupa hal nu kawilang penting dina kahirupan manusa minangka mahluk sosial. Ku ayana basa, manusa bisa nepikeun pesan atawa amanat. Dina nepikeun sacara langsung, basa téh ditepikeun sacara pateuteup langsung jeung mitra catur. Basa anu teu langsung (*non verbal*) bisa mangrupa basa wangun tulisan. Basa wangun tulisan téh bisa kapanggih dina karya sastra.

Karya sastra nya éta mangrupa bagian tina seni nu ditampilkeun dina rekaan basa. Ciri has dina karya sastra nya éta ayana unsur éstétis atau kaéndahan. Ku kituna, sastra bisa dihartikeun minangka basa atawa tulisan nu éndah (Alia, 2021). Wangun sastra anu ditepikeun ngaliwatan medium basa téh bisa mangrupa prosa, puisi, bisa ogé drama. Médium basa anu ébréh dina karya sastra nyaéta kalimah.

Nurutkeun Wirakusumah dina Kuswari & Hernawan (2014) nétélakeun yén kalimah téh hiji bagian basa anu diwangun ku hiji kecap atawa leuwih pikeun ngedalkeun sakurang-kurangna hiji pamadegan. Éta hal téh luyu jeung pamadegan Sudaryat (2013) yén kalimah téh mangrupa wanguna basa anu maksimum, pikeun ngébréhkeun harti anu dipimaksud ku éta wanguan téa henteu perlu ditambahan deui atawa dilegaan deui.

Dumasar kanu geus dijèntrèkeun di luhur, dina ieu panalungtikan diulik ngeunaan kalimah salancar jembar nu aya dina Novel “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana nu museur kana ulikan adeganna jeung pragmatik. Alatan nalungtik ngeunaan kalimah salancar jembar dina ieu panalungtikan téh, ku sabab kalimah miboga peran nu kawilang penting dina hiji basa. Salian ti éta, survey awal nu dilakukeun ku Sri (2020) nyébutkeun dina karangan pribadi siswa kelas VII, kapanggih masih aya kénéh sawatara kalimah nu teu luyu jeung adegan basa Sunda. contoh datana nya éta “Pas dinten baheula abi téh asup sakola SMP”. Nurutkeun Pancarrani (2017) nu nètèlakeun yèn hiji kalimah kalawan ngagunakeun struktur anu salah tangtu bisa mangaruhun kana unsur semantis dina hiji kalimah. Jaba ti kitu, ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh tur ngajembaran ngeunaan kalimah. Hususna kalimah salancar jembar nu diulik sacara stuktur jeung pragmatikna. Sangkan nu maca bisa miboga kamampu dina nyusun kalimah basa Sunda nu luyu jeung strukurna katut wujud jeung harti pragmatik nu disusunna tur bisa maham ogé kana kontéks kalimahna.

Panalungtikan ieu, nalungtik kalimah salancar jembar anu aya dina karya sastra wangun novel nu judulna *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana medal taun 2015. Novel ieu geus pernah jadi pinunjul Hadiah Samsoedi ditaun 2016. Anapon, alesan panalungtik maké ieu novel pikeun bahan panalungtikana. Ku sabab, dina ieu Novel panalungtik geus niten aya sababaraha kalimah salancar jembar anu miboga rupa-rupa adegan jeung harti pragmatis dina unggal kalimahna. Ku kituna, éta hal bisa jadi bahan panalungtikan.

Panalungtikan saméméhna nu patalina ieu téh lain hal anu anyar, saméméhna kungsi aya panalungtikan nu patalina jeung novel “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana, di antarana waé “Adegan Jeung Aspék Sosial dina Novel *Béntang Hariring* Karya Dian Héndrayana pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra Di SMP”, (Wahidah, 2017), “Rarangkén Barung Jeung Gabung Dina Novel *Béntang Hariring* Karya Dian Héndrayana (Ulikan Adegan, Fungsi, Jeung Harti)” (Komala, 2019).

Panalungtikan nu ngarojong kana ieu panalungtikan téh nya éta panalungtikan “Kalimah Impositif dina Novel “*Déng*” Karya Godi Suwarna (Ulikan Sintaksis jeung Pragmatik)” nu diaksanakeun ku Faridz, (2021) medar kalimah impositif nu

diulik sacara semantis jeung pragmatik nu patalina jeung wujud katut harti pragmatis kalimah. “Kalimah Salancar Jembar dina Karangan Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Negeri 12 Bandung” nu dilaksanakeun ku Sri (2020). Dina éta panalungtikan téh medar ngeunaan kalimah salancar nu aya dina karangan siswa SMP kelas VII nu diulik sacara adeganal jeung wanda kalimah salancar jembarna. Salian ti éta aya panalungtikan séjénna judulna “Kalimah Salancar Jembar dina Novel *Laleur Bodas* Karangan SAMSU (Ulikan Adegan jeung Sematik” ku (Djulistiana, 2018).

Dumsar kana kasang tukang masalah di luhur tééla panalungtikan kalimah salancar jembar téh lain hal anu anyar. Ieu panalungtikan ogé sarua ngulik kalimah salancar jembar dina karya sastra anu mangrupa novel. Sok sanajan kitu aya bédana, jaba ti obyék novélna anu béda dina ieu panalungtikan mah dipedar rupaning wujud jeung harti pragmatis kalimah salancar jembar. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Wujud jeung Harti Pragmatis Kalimah Salancar Jembar dina novel “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana” masih perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus dijéntrékeun yén dina ieu panalungtikan nalungtik kalimah salancar jembar dina Novel “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana nu dumasar kana adegan jeung wujud katut harti pragmatis kalimah salancar jembar. Rumusan masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun dina wangun kallimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kalimah salancar jembar naon waé nu aya dina Novel “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana?
- 2) Kumaha adegan kalimah salancar jembar nu aya dina Novel “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana?
- 3) Kumaha wujud pragmatis kalimah salancar jembar nu aya dina Novel “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana?
- 4) Kumaha harti pragmatis kalimah salancar jembar nu aya dina Novel “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikaweruh jeung manggihan wujud, pola stuktur jeung pragmatis kalimah salancar jembar anu aya dina Novel “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara hususna, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kalimah salancar jembar nu aya dina Novel “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana,
- 2) stuktur kalimah salancar jembar nu aya dina Novel “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana,
- 3) wujud pragmatis kalimah anu aya dina kalimah salancar jembar dina Novel “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana. jeung
- 4) Harti pragmatis kalimah salancar jembar aya dina Novel “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat dina ieu palaungtikan diwincik jadi dua nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, panalungtik miharep bisa nambah pangaweruh ngeunaan kalimah salancar jembar dumasar kana teori sintaksis jeung pragmatik nu aya dina “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Aya sababaraha mangpaat praktis dina ieu panalungtikan di antarana:

- 1) pikeun nu maca, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambah pangaweruh ngeunaan kalimah salancar jembar, dumasar kana adegan kalimahna, katut wanda jeung harti pragmatisna nu aya dina Novel “*Béntang Hariring*” karya Dian Héndrayana.

- 2) pikeun pangatik, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi pangaweruh hususna ngeunaan kalimah salancar jembar sangkan bisa dilarapkeun dina pangajaran ngeunaan kalimah
- 3) pikeun pamilon atikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahana pangaweruh ngeunaan kalimah sangkan bisa miboga kamampu dina nyusun kalimah nu luyu jeung aturan,
- 4) pikeun panalungtik satuluyna, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran pikeun nambahana naon anu kurang dina ieu panalungtikan.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan, dibagi jadi lima bab.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngawengku ulikan tiori, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir. Dina ieu bab medar tiori nu ngawengku kalimah salancar jembar, jeung elmu pragmatik nu patalina jeung wujud harti pragmatis.

Bab III Metode Panalungtikan, eusina ngawengku desain panalungtikan, data sumber data panalungtikan, metode panalungtikan, instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngawengku data kalimah salancar jembar nu dumasar kana stuktur, wujud jeung harti pragmatis kalimah salancar jembar.

Bab V Kacindekan, Impilksi, jeung Rekomendasi tina hasil panalungtikan. Dina bab ieu medar eusi kacindekan, implikasi, katut rekomendasi tina hasil analisis panalungtikan.

